दिन– गुरूवार दिनांक–22.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे ऑपरेशन सिंदूरक दरमियान हम बाईस अप्रीलक बदला बाईस मिनट मे लेलहुँ अछि। राजस्थानक बिकानेर मे सभा के संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे भारतीय सेना बाईस मिनटक भीतर आतंकवादी सभक नओ सभ सँ पैघ ठिकाना तबाह कऽ देलक। ओ कहलनि जे दुनिया आ देशक दुशमन देख लेलक जे सिंदूर जखन बारूद बनि जायत अछि, तऽ नतीजा की होयत अछि। प्रधानमंत्री आतंकवाद सँ निपटबाक लेल तीन सूत्रक जिक्र सेहो कयलनि। पहिल भारत पर आतंकी हमला भेल, तऽ करारा जवाब मिलत। समय आ तरीका हमर सेना तय करत। दोसर एटम बमक गीदड़भभकी सँ भारत डरायवला नहि अछि आ तेसर भारत आतंकक आका आ आतंकक सरपरस्त सरकार कँ अलग–अलग कऽ कऽ नहि देखत।

---

प्रधामनंत्री श्री मोदी कार्यक्रमक दरमियान वीडियो कांफ्रेसक माध्यम सँ बिहार समेत अठारह राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ मे अमृत भारत स्टेशन योजनाक अंतर्गत पुनर्विकसित एक सय तीन रेलवे स्टेशनक उद्‌घाटन कयलनि। प्रधानमंत्री देशक बढ़ैत आर्थिक शक्तिक उल्लेख करैत कहलनि जे विकसित भारत बनयबाक लेल देश मे आधुनिक इंफ्रास्ट्रक्चर बनयबाक महायज्ञ चलि रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे एहि लेल पछिला एगारह वर्ष मे अभूतपूर्व गति सँ काज कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे संरचना विस्तारक एहि काज सभ पर देश पहिलेक तुलना मे आइ छओ गुना बेसी खर्च कऽ रहल अछि।

---

आइ जाहि स्टेशनक उद्‌घाटन भेल अछि। ओहि मे भागलपुर जिलाक पीरपैंती आ गोपालगंज जिलाक थावे जंक्शन सेहो शामिल अछि। अमृत भारत रेलवे स्टेशनक रूप मे विकसित पीरपैंती पूर्व रेलवेक एक महत्वपूर्ण केन्द्र अछि। एहि स्टेशन के लगभग उनैस करोड़ टाकाक लागति सँ विकास कयल गेल अछि। ओतहि, गोपालगंजक थावे जंक्शन पूर्वोत्तर रेलवे क्षेत्र मे आबैत अछि। प्राचीन शक्तिपीठक लेल मशहूर थावे जंक्शनक विकास लगभग बारह करोड़ टाकाक लागति सँ कयल गेल अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद

खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ केन्द्रीय गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय समेत कतेको गणमान्य लोक सेहो पटना मे वीडियो कांफ्रेसक माध्यम सँ शामिल भेलाह।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक उनतीस मई के होयबला दू दिवसीय बिहार दौरा के लऽकऽ तैयारी जोर–शोर सँ कयल जा रहल अछि। प्रधानमंत्री उनतीस मई के पटनाक जयप्रकाश नारायण हवाई अड्डाक नव टर्मिनल भवनक उद्घाटन करताह। जखन कि तीस मई के रोहतासक बिक्रमगंज मे सभा के संबोधित करताह। रोहतासक जिलाधिकारी उदिता सिंह बिक्रमगंज प्रखंडक मुरैना पंचायत मे दुर्गाडीह गाम लऽग प्रस्तावित कार्यक्रमक तैयारी के आइ समीक्षा कयलनि। ओ एहि दरमियान कार्यक्रम स्थल पर वैरिकेडिंग आ सुरक्षा व्यवस्था, मंच निर्माण, हेलीपैड निर्माण, सोशल मीडिया निगरानी समेत कतेको विषय सभ के लऽकऽ गठित टीमक प्रमुख सँ अद्यतन जानकारी लेलनि।

———————————————————————

आतंकवादक खिलाफ भारतक रूख स्पष्ट करबाक लेल गठित बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल कतेको देशक यात्रा कऽ रहल अछि। एहने एकटा दल जदयू सांसद संजय कुमार झाक नेतृत्व मे जापान पहुँचल। प्रतिनिधिमंडल जापानक विदेशमंत्री ताकेशी इवाया सँ भेंट कयलनि। जदयू सांसद श्री झा कहलनि जे हम सभ भारतक गप बहुत मजगूती सँ रखलहुँ। ओ जनौलनि जे जापानी प्रतिनिधि आतंकवादक खिलाफ भारतक रूख के सराहना कयलनि अछि।

———————————————————————

राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री संजय सरावगी कहलनि जे पंद्रह जून धरि राज्य मे भूमिहीन सभ कँ जमीन देबाक लेल चिन्हित करबाक काज पूरा कऽ लेल जायत। श्री सरावगी समस्तीपुर मे विभागीय समीक्षा बैसकक बाद संवाददाता सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे एहि लेल प्रदेशक सभ दलित आ महादलित टोल सभ मे विशेष शिविर लगाओल जायत। राजस्व मंत्री कहलनि जे डॉक्टर अंबेडकर सुयोग्य श्रेणीक अति पिछड़ा आ पिछड़ा जातिक भूमिहीन कँ सेहो जमीन उपलब्ध करयबाक लेल आवेदन लेल जायत।

———————————————————————

रिपब्लिकन पार्टी ऑफ इंडियाक प्रमुख आ केन्द्रीय मंत्री रामदास अठावले कहलनि जे हुनकर पार्टी बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए के समर्थन मे प्रचार करत। पटना मे

संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री अठावले कहलनि जे हुनकर पार्टी कोनो सीटक मांग नहि करत। ओ कहलनि जे बिहार मे मुख्यमंत्रीक चेहरा मात्र नीतीश कुमार छथि। श्री अठावले केन्द्रीय योजना सभक उपलब्धि गनबैत कहलनि जे बिहार मे छओ करोड़ तैंतीस लाख जनधन खाता खुजल अछि। ओ जनौलनि जे दू करोड़ सँ बेसी लोक कैँ मुद्रा योजनाक लाभ भेटल अछि आ पचास लाख गरीब परिवार कैँ पक्का मकान भेटल अछि।

———————————————————————————

समाप्त